



Ekstenktè Ensandi



Ekstenktè ensandi yo klase selon tip dife yo ka etenn. Konbinezon ABC pwodwi chimik sèk ekstenktè ensandi a ka itilize pou plis ke yon tip dife e ka yon bon chwa pou itilizasyon nan kay. Itilize aparèy pou etenn dife yo sèlman pou ti dife ki pa mete w an danje e aprè ou fin rele 9-1-1. Asire w ke ou abitye avèk ekstenktè ensandi a avan ou itilize li.



Gen kat lèt sinp ki ka raple w koman pou itilize yon aparèy pou etenn dife, se "RVPB"

- **R**- Rale Epeng la
- **V**- Vize ak Tiyo a Anba Dife a
- **P**- Peze Manch la
- **B**- Balanse tiyo adwat agòch

SEKIRITE AVAN TOU!

- Asire w ke pòt sòti ou pa deyè ou
- Pa janm bay yon dife do
- Rele 9-1-1
- Si ou pa ka Etenn Dife a- Sòti/ Rete Deyò
- Konnen lè pou ale!



[For more information on Fire Safety click here](#)

CRRD

EXCELLENCE TODAY



IMPROVING TOMORROW